

*NÒT: Sa se yon tradiksyon an Kreyòl. Dokiman orijinal la te an angle. Si gen yon dekalay, itilize dokiman orijinal la.*

## **Repons ak Rapò Rapòte Espesyal sou Vyolans sou Fanm (SR VAW: Vyolans Sou Fanm) nan Kontèks Kriz Klima: Obsèvasyon sou Defi ak Opòtinite an Ayiti**

### **Òganizasyon k ap Patisipe:**

1. **Nègès Mawon**, yon òganizasyon feminis ayisyen k ap ankouraje, defann, ak ranfòse dwa fanm onivo sosyal, kiltirèl, ekonomik, ak politik.
2. **Institute for Justice & Democracy in Haiti (Enstiti pou Jistis ak Demokrasi an Ayiti, IJDH)**, yon òganizasyon Ozetazini k ap pòte solidarite, k ap kolabore avèk Bureau des Avocat Internationaux, yon òganizasyon ayisyen k ap travay pou lemond antye okouran batay pèp ayisyen ap mennen pou dwa moun yo.
3. **The Global Justice Clinic (Klinik Jistis Mondyal, GJC)** nan New York University School of Law (Fakilte Dwa nan Inivèsite Nouyòk), k ap travay avèk mouvman popilè ak patnè kominotè yo pou anpeche, konteste, epi redrese vyolans dwa moun ki soti nan estrikti enjistis mondyal kontaporen. Depi lè li te tabli, GJC ap travay sou kesyon dwa moun an Ayiti.<sup>1</sup>

\* \* \*

### **Lè yo mete moun nan sosyete a de kote, sa fè anviwònman an plis mal**

Karayib la se yon zòn ki vilnerab anpil devan pwoblèm anviwònman ak katastwòf klimatik.<sup>2</sup> Ayiti pi vilnerab ankò devan kriz klimatik la akòz lamizè, degradasyon anviwònman, ak enstabilite sosyal<sup>3</sup> ki se eritaj esklavaj, kolonyalis, rasis, ak enjerans entènasyonal.<sup>4</sup> Pou kèk nan menm rezon sa yo, fanm ak tifi an Ayiti sibi anpil vyolans seksyèl ak vyolans sou fanm. Yo sibi diskriminasyon ak nòm danjere ki gen pou wè ak rapò sosyal ant sèks, epi nòm sa yo gen rasin ki fon anpil. Nòm sa yo se lakòz vyolans lan, epi vyolans lan ranfòse nòm sa yo.<sup>5</sup> Jan Rapòte Espesyal la rekonèt deja, inegalite konsa kapab fè pati vyolans enstitisyonèl ak estriktirèl ki kenbe fanm nan pozisyon inferye nan fanmi yo, kominote yo, ekonomi a, ak nan sosyete a an jeneral.<sup>6</sup> Poutèt sa, nou konsidere inegalite sa nan tèks sa a.

An Ayiti, menm jan ak lòt kote, inegalite ant sèks yo agrave pwoblèm klima yo.<sup>7</sup> Yon etid Economic Commission for Latin America and the Caribbean (Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la) konstate ke "sèks yon moun se youn nan faktè prensipal ki detèmine kòman yon moun viv dezòd klimatik an jeneral." Sa gen ladan li depasman poutèt katastwòf.<sup>8</sup> An gwo, lè yo mete yon moun de kote, sa ka lakòz enpak danjere kriz klima a.<sup>9</sup> Kòm rezilta, fanm ak tifi an Ayiti vilnerab an patikilye akòz inegalite sa a.<sup>10</sup> Vilnerabilite ki makònen, tankou andikap, idantite LGBTQIA+ (Kominote M),<sup>11</sup> lamizè, ak analfabetis agrave risk yo pi plis – menmsi li vin difisil pou fè konsta espesifik akòz pa gen enfòmasyon ki detaye.<sup>12</sup> Nasyonalite ak estati

migratwa ka agrave vilnerabilite yon moun tou. Pa egzanp, aprè Siklòn Dorian nan peyi Baamas, yo mete desandan ayisyen de kote nan operasyon repriz yo.<sup>13</sup>

Dayè, redwi inegalite se yon faktè ki pwoteje fanm. Yon etid ki fèt nan lane 2013 ki konpare rezilta an Ayiti, nan Dominikani, ak nan Kiba demontre li pi pwobab pou fanm mouri aprè dezaz nan Karayib la, men diferans lan diminye kote fanm gen plis edikasyon. Gen prèv tou sou yon relasyon ant plis egalite ant sèks yo ak preparasyon efikas pou katastwòf.<sup>14</sup>

## **Vyolans sou Fanm ak Tifi Ayisyen ki Gen pou Wè ak Klima**

Akòz kriz klima a, fanm ak tifi ayisyen sibi plis vyolans sou fanm ak eksplwatasyon seksyèl. Anplis, sa vrèman bloke yo pou jwenn edikasyon, gaypen, ak kay ki estab.<sup>15</sup> Menmsi tranblemanntè 2010 la an Ayiti pa t liye ak klima a li menm, li demontre klè kou dlo kòk vilnerabilite ak defi fanm ak tifi afwonte devan katastwòf natirèl,<sup>16</sup> epi ki konsekans sa genyen lè yo mete yo de kote nan repons imanité aprè katastwòf la.<sup>17</sup> Se poutèt sa nou pale kesyon tranblemanntè sa a nan dokiman sa a.

Eleman prensipal sou vyolans sou fanm, ki gen ladan li vyolans estriktirèl, se:

- Deplasman ki liye ak pwoblèm klima se youn nan kòz prensipal vyolans sou fanm, paske lè yon fanm pa gen ase sekirite, sitou kote y ap dòmi ak kote yo konn benyen epi ale nan twalèt, epi pa gen ase limyè,<sup>18</sup> sa fè fanm yo pi vilnerab ak vyolans fizik. Nou wè menm fenomèn nan jounen jodiya: te gen plizyè ka kadèjak, asèlman seksyèl, ak gwosès nan kan Gabyon ak Papa Numa aprè tranblemanntè a ak tanpèt la nan mwa dawou 2021. Te gen anpil timoun minè pami viktim yo. Menm lè pa gen deplasman fòmèl, lè kay, katye, ak estrikti fanmi kraze akòz evènman klimatik, sa kite fanm ak tifi avèk mwens pwoteksyon ak plis vilnerabilite devan vyolans.<sup>19</sup> Akòz movèz enfrastrikti, gouvènans, ak planifikasyon, anpil sitiyoasyon deplasman an Ayiti vin sitiyoasyon alòntèm. Anplis, rekonstriksyon an limite epi li pa konplè.<sup>20</sup> Tout sa kite fanm ak tifi vilnerab ak danje yo. Pa egzanp, kominote enfòmèl ki rele Kanaran te kòmanse kòm yon seri tiabri tanporè ak ensifizan pou ayisyen vilnerab yo te mete de kote nan repons imanité aprè katastwòf la. Mank planifikasyon ak sipò te lage moun yo de bra pandye pou yo eseye degaje yo pou kont yo. Kominote ki vin kreye a, ki te gaye tribòbabo, pa t anba kontwòl leta pandan plizyè lane. Efektivman li pa t gen okenn sèvis sosyal ak enfrastrikti, epi li te danjere anpil pou fanm ak tifi.
- Fanm ak tifi pa gen menm aksè a sekirite ekonomik ak gason, epi yo gen plis difikilte pou yo chèche lavi. Sa se lakòz yo sibi pwoblèm kriz klimatik ki pi rès, epi yo sibi vyolans sou fanm tou. Lè yo mete fanm ayisyen sou kote ekonomikman, yo vin nan yon pozisyon pi riske pou yo fè yo mal epi tou ba yo mwens chans pou yo reprann tèt yo. Pi souvan yo mete yo oblije fè ti komès, ki pi vilnerab devan enpak klimatik.<sup>21</sup> Konsa tou, tè a tounen dezè (ki se rezilta ni pakèt koupe pyebwa ansanm ak dezòd klimatik ki chanje

kantite lapli ki konn tonbe) nan peyi Dayiti, sa redwi kantite tè ki kapab fè jaden, sa ki vin ogmante konkirans pou jwenn tè, epi tou dominans fanm ki nan fè ti jaden pou konsomasyon pèsònèl fè yo pa nan gwo jaden, mwayen pou yo wouze jaden yo fè yo plis vilnerab a nenpòt ti chanjman klimatik, lè pa gen ase resous pou tout moun jwenn, yo konn tonbe nan vyolans chen manje chen, epi yo pa jwenn resous ki ta ka ede yo vinn pi rezistan.<sup>22</sup> Madan Sara an Ayiti - fanm ki vann pwodwi epi ki se entèmedyè ant kiltivatè andeyò ak mache nan zòn popilè, epi tou ki esansyèl pou sipòte ti jadinay ak bay kominote a aksè a manje - se yon egzanp. Pwoblèm agrikilti ayisyèn nan ki lye ak chanjman klimatik yo anpeche yo jwenn pwovizyon. Wout ki bloke ansanm ak plis ensekirite aprè tout dezaz natirèl ekspoze yo a plis vyolans oswa anpeche yo travay nèt, sa ki vin lakòz pwoblèm pèsònèl pou yo ansanm ak kominote a. Pi plis toujou, menm lè fanm reprezante 44 pousan nan mendèv agrikilti peyi Dayiti, yo pa pran an konsiderasyon bezwen espesifik yo. An jeneral, fanm Ayisyèn touche mwens kòb pase gason ki fè menm valè travay ak yo, yo pa gen menm aksè a kredi, epi - akòz de sa tou - yo gen mwens byen pase gason.<sup>23</sup> Lè tout faktè sa yo makonnen ansanm, sa fè fanm vin depann pi plis toujou de gason pou koze lajan, gen mwens chans devan chanjman klimatik, sa ki rann yo pi vilnerab a eksplwatasyon, abi ak vyolans.<sup>24</sup> Kòm pi plis pase 60 pousan nan kay ki gen yon sèl paran nan peyi Dayiti se fanm ki jere yo, sa lakòz domaj la pi gwo toujou. Si yo oblije deplase poutèt enpak klimatik, fanm ayisyèn yo gen plis chans fè fas ak vyolans epi diskriminasyon.<sup>25</sup>

- Eksplwatasyon ak abi seksyèl, menm jan ak vyolans, ogmante poutèt kriz klimatik la. Fanm ayisyèn an jeneral fè fas ak anpil asèlman nan milye travay yo epi yo toujou panse yo oblije boukante favè seksyèl pou yo chache lavi, pou lòt nesosite ansanm ak sekirite.<sup>26</sup> Eksplwatasyon sa yo pi plis toujou, sitou kote moun oblije deplase al viv lòt kote, sa ki fè gason gen otorite sou resous yo - wòl chèf kote gen plis gason pase fanm epi fanm yo pa nan pozisyon sa yo<sup>27</sup> - sa vinn fòse fanm ak jèn tifi pou yo boukante kò yo pou asistans ke yo vrèman bezwen. Sa vin fè fanm ak jèn tifi ki ansent vin pote chay tout gwosès la sou do yo epi tou leve timoun poukont yo. Anplwaye ONG<sup>28</sup> ansanm ak sòlda Minista<sup>29</sup> te pami moun ki te fè zak sa yo aprè tranblemanntè 2010 nan peyi Dayiti. Nasyonzini poko janm rive bay yon solisyon ni rezoud sa ki te fèt la, ki rete yon gwo enjistis jis kounye a.<sup>30</sup>
- Katastwòf natirèl yo gen tandans pran resous yo bay èd imanite ki ijan epi neglije jefò dirab ki gen rapò ak vyolans estriktirèl sou fanm<sup>31</sup> ki esansyèl pou fè fas ak vyolans kont fanm ak jèn tifi. Sa vin lakòz yo mete jefò pou mete fanm otonòm sou kote epi yo glise tounen nan sistèm machis ki fè vilnerabilite fanm vin plis an plis mal. Menm jan tou, dezaz klimatik yo kraze enfrastrikti ki deja anplas - tankou rekou jidisyè ak sipò pou viktim - pou kontrekare vyolans sou fanm.

- Inegalite ant sèks yo, si yo pa byen konsidere yo lè yap fè plan ak ede nan rekonstriksyon, kapab kreye pèlen pou fanm ak jèn tifi ki mete yo pi dèyè toujou epi rann yo vilnerab devan dezòd klimatik epi vyolans sou fanm. Pa egzanp, rekonstriksyon apre katastwòf ak jefò pou lavi miyò ki konsantre sou ranmase dekonm ak konstriksyon bay gason djanm plis favè. Ensekirite kapab anpeche fanm patisipe nan kèk aktivite, ki ralanti yo nan reprann tèt yo. Fanm ak jèn tifi gen pi gwo responsabilite nan kominote a, tankou okipe fanmi, bwote dlo, ak fè manje, tout sa ki ogmante lè gen katastwòf.<sup>32</sup> Yo pa rekonèt travay sa a menm - epi pa peye tou - sa ki vin fè fanm ak jèn tifi gen mwens opòtinite pou reprann tèt yo oswa patisipe nan desizyon ki ap pran nan kominote a. Kominote yo kapab retounen nan ansyen abitud pouvwa machis ak modèl yerachi ki kraze fanm. An dènyelye, plan pou katastwòf ki ki gen enpak sou sèks yo dwe konsidere diferan wòl fanm, espesyalman opwendvi estati ekonomik ak klas sosyal. Anplawye ONG kapab twouve li pi fasil pou yo travay ak fanm ki gen plis edikasyon epi ki pale menm lang ak yo, men sa retire pèspektiv fanm ki pi vilnerab - epi pi reprezantatif - ki sòti nan milye pi defavorize. Ki vle di, enkli òganizasyon lokal yo san yo pa asire patisipasyon fanm kapab mete vwa fanm sou kote, kòm yo pi souvan mete fanm ak jèn tifi ayisyen sou kote nan pwòp kominote pa yo poutèt vye estanda kiltirèl ak sa yo panse wòl fanm ta dwe ye.

### **Fanm ak Tifi se Resous Pisan nan sa ki gen rapò ak Klima**

Li kritik pou pa redui fanm ak tifi kòm objè vilnerab akòz kriz klima a, yo se anvan tout bagay resous ki pisan pou kontrekare l. Antre fanm nan zafè jesyon preparasyon ak repons kont dezans nan zòn Karayib la kapab desann tout bon vre domaj kont tout kominote yo a; epitou fanm kapab kreye plis dinamik enklizif<sup>33</sup> k ap ede pou pi byen sèvi tout moun ki vilnerab. Fanm ayisyèn kowòdone aktivman nouvo kominote ki deplase yo, ede pou idantifye ak rekrute rezidan ki nan kan yo pou pwoteje kont vyolans sou fanm; epitou yo mete men ak efikasite pou tout moun kapab gen aksè ak manje ki adapte ak dinamik mache lokal la<sup>34</sup> tankou bezwen Madan Sara yo. Fanm bay gwo bourad sa yo malgre y ap viv gwo baryè ki bloke yo kont retablisman, yo gen yon ti kras resous pou fonksyone epi ap pote chay anplis pou pwoteje timoun yo, moun ki kòmanse granmoun yo epi lòt moun ki vilnerab.<sup>35</sup>

### **Rekòmandasyon**

- Remanbre sekirite nan kan pou moun ki deplase yo, nan etablisman yo ak nan sèvis ki vize espesyalman vyolans sou fanm, nan pwòpte ak sante repwodiktif fanm ansanm ak malnitrisyon.
- Asire kòm priyorite kontinyite pwogram ak politik kritik ki ale sou kontrekare vyolans sou fanm epi ankouraje egalite ak otonomi fanm pou kapab anpeche yo fè bak nan lavi yo ansanm ak gwo risk kont mal ki gen pou wè ak klima. Espesyalman, sa vle di pou asire resous yo rete disponib pou moun ki siviv vyolans sou fanm epi pou enstitisyon ki

gen chaj pou prepare rapò ak chèche responsablite yo apwochab, reponn rapid, respektab epi an sekirite. Yo ta dwe rezoud tout abi ak eksplwatasyon anba men moun ki okipe pozisyon de konfyans yo epi viktim yo ta dwe kapab genyen aksè ak yon rekou epi sipò ki senp epi ki klè.<sup>36</sup>

- Mete aksan sou patisipasyon epi sou byen yo, pa sèlman sou vilnerablite yo sou fanm ak tifi nan planifikasyon ak repons sou klima.
- Ankouraje egalite ant sèks ak otonomi fanm nan yon fason ki laj pou kapab redui vyolans sou fanm, vilnerablite ant sèks sou klima ansanm ak konsekans defavorab ki gen pou wè ak klima. Sa dwe genyen ladann enpleman epi ranfòse egalite ki gen pou wè ant sèks yo epi lwa ki kont diskrimasyon, espesyalman kont vyolans seksyèl ak tizonnay seksyèl.
- Mete kòm premye konsiderasyon nan nenpòt planifikasyon ak repons sou enpak ki gen pou wè ak sèks epi idantite kwaze yo. Mande pou yo mete fanm ki sòti nan zòn nan ki se reprezantan kominote ki sibi enpak nan nannan yo nan chak etap nan pwosesis la. Lè sa nesèsè, yo dwe afimativman egzijje konsiltasyon ak kapasite sipò pou fanm ak gwoup fanm, kòm repons efikas yo dwe reflekte reyalyte lokal yo epi pi byen sèvi lè se espètiz lokal la ak koneksyon kominote yo ki motive epi dirije yo.
- Pran an kont kòm pati nan nenpòt planifikasyon ak repons sou vilnerablite espesyal sou fanm ak lòt endividi yo mete sou kote yo nan yon fason pou anpeche inegalite estriktirèl aktyèl yo ki pwodui rezilta ki inegal (ki yo menm tou kapab yon vyolans tou). Espesyalman, sa vle di pou bay priyorite ak sekirite fanm ak tifi, ni nan kontèks depasman ni nan sa ki gen pou wè ak rekonstriksyon ak rekouvreman. Sa vle di tou pou adapte sipò mwayen pou siviv pou asire aksè egal ego sou opòtinite ak kredi epi pou anpeche sikonstans kote fanm ak tifi depann de gason pou jwenn aksè ak kalite sèvis sa yo.
- Pran an kont epi travay pou fini ak eritaj esklavaj, rasis, kolonyalis ansanm ak enjerans etranje ki anpeche rezistans Ayiti devan kriz klimatik ki li menm tou fè pati de bay èd. Sa mande yon apwòch baze sou dwa ki vrèman vre santre sou patisipasyon, enklizyon ak otonomi kominote a, transparans ak responsablite, li mande tou pou refize tout enjerans ekseksif epi bay reparasyon pou tout prejidi moun te sibi nan tan pase yo.<sup>37</sup>

Plizyè nan rapò nou mansyone nan dokiman sa a genyen ladan li yon pakèt bon rekòmandasyon.<sup>38</sup>

---

<sup>1</sup> Deklarasyon Global Justice Clinic pa pretann pou reprezante opinyon NYU, si l genyen.

- 
- 2 A. Bleeker et al., “Advancing gender equality in environmental migration and disaster displacement in the Caribbean”, *Studies and Perspectives series-ECLAC Subregional Headquarters for the Caribbean*, No. 98 (LC/TS.2020/188-LC/CAR/TS.2020/8), 19, 22, Santiago, Economic Commission for Latin America and the Caribbean (ECLAC), 2021 (“**ECLAC Report**”).
- 3 Joshua Diemert et al., *Impact of Climate Change on Sexual and Gender-Based Violence in Internally Displaced Persons in Haiti* 6 (Apr. 23, 2021), <https://sppga.ubc.ca/wp-content/uploads/sites/5/2021/06/Final-GJC-Report-PDF2021-April-23.pdf> (“**GJC Report**”).
- 4 *Li, pa egzantp*, Greg Rosalsky, ‘The Greatest Heist in History’: How Haiti was Forced to Pay Reparations for Freedom, NPR (Oct. 5, 2021), <https://www.npr.org/sections/money/2021/10/05/1042518732/-the-greatest-heist-in-history-how-haiti-was-forced-to-pay-reparations-for-freed>; Jon Henley, *Haiti: A Long Descent to Hell*, THE GUARDIAN (Jan. 14, 2010), <https://www.theguardian.com/world/2010/jan/14/haiti-history-earthquake-disaster>.
- 5 *Bureau des Avocats Internationaux, IJDH, Komisyon Fanm Viktim pou Viktim, Gender-Based Violence in Haiti* 2 (2022), [http://www.ijdh.org/wp-content/uploads/2021/07/Gender-Based-Violence-in-Haiti\\_UPR-Submission\\_FR.pdf](http://www.ijdh.org/wp-content/uploads/2021/07/Gender-Based-Violence-in-Haiti_UPR-Submission_FR.pdf) (“**UPR Gender-Based Violence Submission**”); *al gade, pa egzantp.*, Nicole Phillips, *The Vital Role of Grassroots Movements in Combatting Sexual Violence and Intimate Partner Abuse in Haiti*, COMPARATIVE PERSPECTIVES ON GENDER VIOLENCE: LESSONS FROM EFFORTS WORLDWIDE 45-49 (Rashmi Goel & Leigh Goodmark eds. 2015).
- 6 *Li Rashida Manjoo* (Special Rapporteur on Violence Against Women, Its Causes and Consequences), *Report of the Special Rapporteur on violence against women, its causes and consequences, Rashida Manjoo*, ¶ 26, U.N. Doc. A/HRC/17/26 (May 2, 2011).
- 7 *Li ECLAC Report* at 19.
- 8 *Id.* at 22.
- 9 *Id.* at 24.
- 10 Meena Jagannath, *Barriers to Women’s Access to Justice in Haiti*, 15 CUNY L. REV. 27, 29 (2011).
- 11 *Pa egzantp*, yo te eskli moun ki omoseksyèl oswa trans nan twalèt ki rezève pou sètèn sèks ak sètèn lòt sèvis. ECLAC Report at 25; *Epi li tou, pa egzantp*, GJC Report at 21-22.
- 12 *Li ECLAC Report* at 19, 25; *Epi li tou, pa egzantp*, Phillips, *The Vital Role of Grassroots Movements in Combatting Sexual Violence and Intimate Partner Abuse in Haiti* at 45-46 (ki idantifye lamizè kòm youn nan faktè ki kreye vilnerabilite pou fanm ayisyen ak manm kominote M nan aprè katastwòf). *Li ECLAC Report* at 38-39.
- 14 Adelheid Pichler & Erich Striessnig, *Differential Vulnerabilities in Cuba, Haiti, and the Dominican Republic: The Contribution of Education*, 18 Ecology & Soc’y 34-35 (2013), <https://www.ecologyandsociety.org/vol18/iss3/art31/>; *al li tou ECLAC Report* at 61.
- 15 *Li, pa egzantp*, Marianne Tøraasen, *Women’s status in Haiti ten years after the earthquake*, Chr. Michelsen Institute (2020), <https://www.cmi.no/publications/file/7263-womens-status-in-haiti-ten-years-after-the-earthquake.pdf>; Phillips, *The Vital Role of Grassroots Movements in Combatting Sexual Violence and Intimate Partner Abuse in Haiti* at 9-12; ECLAC Report at 37.
- 16 *Li, pa egzantp*, Tøraasen, *Women’s status in Haiti ten years after the earthquake*; Anne-Christine d’Adesky et al., *The Haiti Gender Shadow Report: Ensuring Haitian Women’s Participation and Leadership in All Stages of National Relief and Reconstruction* (2010), [https://reliefweb.int/sites/reliefweb.int/files/resources/37A5134A38ACF0608525781F0079CEC1-Full\\_Report.pdf](https://reliefweb.int/sites/reliefweb.int/files/resources/37A5134A38ACF0608525781F0079CEC1-Full_Report.pdf) (“**2010 Earthquake Shadow Report**”); Phillips, *The Vital Role of Grassroots Movements in Combatting Sexual Violence and Intimate Partner Abuse in Haiti*.
- 17 *Pa egzantp*, evalyasyon gouvènman ayisyen an sou bezwen ki parèt aprè katastwof yo ki te fèt an patenarya ak Nasyonzini, Inyon Ewopeyen, Bank Mondyal, Bank Entè-Ameriken pou Devlopman, Ajans Karayibeyen pou Jesyon Ijans nan Moman Katastwof, Bank pou Devlopman Karayib pou fasilite rekonstriksyon aprè tranblemanntè 2010 la pa t menm pran konsiderasyon sèks yo. *Li tout 2010 Earthquake Shadow Report*; *li tou menm bagay nan paj i* (“Yo pa bay fanm ayisyen ak òganizasyon fanm ki kalifye opòtinite [pou patisipe nan] oswa yo ekate yo nan pwosesis kalkil oswa desizyon ki gen pou wè ak rekonstriksyon epi rekouvremman ekonomik ak politik Ayiti.”)
- 18 Phillips, *The Vital Role of Grassroots Movements in Combatting Sexual Violence and Intimate Partner Abuse in Haiti* at 49.

- 
- 19 Gade an gwo Meena Jagannath, Nicole Phillips, & Jeena Shah, *A Right-Based Approach to Lawyering: Legal Empowerment as an Alternative to Legal Aid in Post-Disaster Haiti*, 10 NW. J. INT'L HUM. RTS. 15-18 (2011), <http://scholarlycommons.law.northwestern.edu/njihr/vol10/iss1/2>.
- 20 Li Rocio Cara Labrador & Diana Roy, *Haiti's Troubled Path to Development*, Council on Foreign Relations (2021), <https://www.cfr.org/backgrounder/haitis-troubled-path-development>.
- 21 Li UPR Gender-Based Violence Submission at 4; 2010 Earthquake Shadow Report at 5, 9.
- 22 Li 2010 Earthquake Shadow Report at 1, 26-27; GJC Report at 17-18.
- 23 Li UPR Gender-Based Violence Submission at 4.
- 24 Li, *pa egzanp*, *id*.
- 25 Li S. Priya Morley et al., *A Journey of Hope: Haitian Women's Migration to Tapachula, Mexico*, CTR. FOR GENDER & MIGRATION STUD. (2021), <https://imumi.org/wp-content/uploads/2021/01/A-Journey-of-Hope-HaitianWomens-Migration-to-Tapachula-Mexico.-Executive-Summary.pdf>.
- 26 UPR Gender-Based Violence Submission at 3.
- 27 Li Madre et al., *Our Bodies Are Still Trembling: Haitian Women Continue to Fight Against Rape* 4 (2011), <https://www.law.cuny.edu/wp-content/uploads/page-assets/academics/clinics/hrj/publications/Bodies-stilltrembling-Update-2011.pdf>.
- 28 *Statement of the Results of an Inquiry: Oxfam*, CHARITY COMM. FOR ENG. & WALES 9-10 (June 11, 2019), [https://assets.publishing.service.gov.uk/government/uploads/system/uploads/attachment\\_data/file/807945/Statement\\_of\\_the\\_Results\\_of\\_an\\_Inquiry\\_Oxfam.pdf](https://assets.publishing.service.gov.uk/government/uploads/system/uploads/attachment_data/file/807945/Statement_of_the_Results_of_an_Inquiry_Oxfam.pdf) (ki degrennen anpil akizasyon ke Oxfam International pa t fè anyen pou jere sa epi yo kase fèy kouvri sa lè yo tande gen travayè imanité an Ayiti ki komèt zak eksplwatasyon seksyèl); *epi li tou Oxfam, Haiti Investigation Final Report* 2-3, 5-7 (2011), [https://d1tn3vj7xz9fdh.cloudfront.net/s3fpublic/haiti\\_investigation\\_report\\_2011.pdf](https://d1tn3vj7xz9fdh.cloudfront.net/s3fpublic/haiti_investigation_report_2011.pdf) (acknowledging sexual misconduct of several of its staff).
- 29 Li an gwo Carla King et al., 'MINUSTAH is Doing Positive Things Just as They Do Negative Things': Nuanced Perceptions of a UN Peacekeeping Operation amidst Peacekeeper-Perpetrated Sexual Exploitation and Abuse in Haiti, 21 CONFLICT, SECURITY, & DEVELOP. 749 (Nov. 17, 2021), <https://www.tandfonline.com/doi/full/10.1080/14678802.2021.1997453>; Sabine Lee & Susan Bartels, 'They Put a Few Coins in Your Hands to Drop a Baby in You' – 265 Stories of Haitian Children Abandoned by UN Fathers, THE CONVERSATION (Dec. 17, 2019), <https://theconversation.com/they-put-a-few-coins-in-your-hands-to-drop-a-baby-in-you-265-stories-of-haitian-children-abandoned-by-un-fathers-114854> ("In the context of Haiti, there have been widespread allegations of rape, sex with minors, transactional sex and human trafficking by MINUSTAH personnel throughout the mission's 13-year history.").
- 30 Li, *pa egzanp*, King et al. at 767 ("The UN must either create the systemic change required for [troop and police contributing countries] and individual perpetrators to be held accountable or take responsibility for SEA perpetrated by its peacekeeping personnel, including by providing redress to affected women/girls."); Sandra C. Wisner, *To Build a More Equal Global System, the UN General Assembly Must First Turn to Remediating the UN's Own Past Human Rights Violations*, INTLAWGRRLS (Sept. 25, 2021), <https://ilg2.org/2021/09/25/to-build-a-more-equal-global-system-the-un-general-assembly-must-first-turn-to-remediating-the-uns-own-past-human-rights-violations/>.
- 31 Li, *pa egzanp*, 2010 Earthquake Shadow Report at 13; Alba Boer Cueva et al., Strategist, *Scarcity of funding threatens women's peace work* (Mar. 8, 2022), <https://www.aspistrategist.org.au/scarcity-of-funding-threatens-womens-peacework/>.
- 32 Li 2010 Earthquake Shadow Report at 35.
- 33 Li ECLAC Report at 68.
- 34 Li 2010 Earthquake Shadow Report at 9.
- 35 *Id*.
- 36 Wisner, *To Build a More Equal Global System, the UN General Assembly Must First Turn to Remediating the UN's Own Past Human Rights Violations* (specifying that "[t]he UN must likewise uphold its obligations to facilitate paternity and child support claims").

---

<sup>37</sup> *Pou plis enfòmasyon, pa egzanp, Jagannath et al., A Right-Based Approach to Lawyering: Legal Empowerment as an Alternative to Legal Aid in Post-Disaster Haiti* at 18.

<sup>38</sup> *Li* ECLAC Report at 69-74; GJC Report at 4, 16, 23, 27, 31-33; UPR Gender-Based Violence Submission at 9; 2010 Earthquake Shadow Report at 7-10, 15-16, 22-25, 32-36, 38-39.